Ассаламу гӀалайкум, казбекалъул жамагӀат!

ВЕСТНИК
# Чапар
КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 20 (9864) 22 май 2020 с. /Рузман 29 Рамазан 1441 с./ багьа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.ru

## Уважаемые казбековцы!


Обращение главы Казбековского района в связи с праздником Ураза-байрам

Подходит к концу благословенный месяц Рамазан, всё ближе любимый всеми праздник Ураза — байрам.

Ещё три месяца назад никто из нас даже представить не мог, что мы все окажемся в условиях самоизоляции в связи с пандемией новой коронавирусной инфекции. Однако, человек предполагает, а Всевышний располагает. На нашу долю выпала борьба с этим невидимым, но опасным врагом — война с вирусом. На счастье, для этого не требуется оружие, но крайне необходима самодисциплина и сплочённость в соблюдении карантинных мероприятий. На этой войне мы потеряли наших близких, да упокоит их Всевышний! Заболевшие нуждаются в нашей помощи и в наших Ду'а. Однако, есть первые успехи. Понемногу кривая заболеваемости пошла на спад.

Призываю всех соблюдать режим самоизоляции в праздничные дни, что поможет медикам идти дальше к полной победе над смертельно опасной болезнью.

Празднование дома не лишит нас благодати любимого праздника, радости от его наступления. Оставаясь на Уразу дома со своими семьями, мы защитим и сохраним здоровье наших близких, наших любимых и почитаемых стариков. Так, и только так мы приблизим нашу победу над коварным вирусом, приблизим время, когда сможем вернуться к нормальной жизни и обнять всех, по кому сейчас так скучаем!

Здоровья всем и терпения!

**Глава МР «Казбековский район» Гаджимурад Мусаев**

## Президенттгун ккараб гӀара – чӀвариялда…

18 маялда Россиялъул Президент В.В. Путиница тӀобитӀараб видеоконференциялда гӀахьаллъана Дагъистаналъул муфтий АхӀмад– хӀажи ГӀабдулаевги.

Гьес президентасе бицана, коронавирусалда хурхун, Дагъисталда бугеб хӀалуцараб ахӀвал – хӀалалъул ва пачалихъалъул кумек хӀажатаб букӀиналъул.

Гьес абуна: **«Гьай – гьай, унти тӀибитӀиялъул гӀайиб нижер гӀадамазда буго. ГӀемерал божулел рукӀинчӀо гьеб хехго тӀибитӀиялда яги гьезда кколеб букӀана гьелъ жал росизе гьечӀин. РакӀалде ккола, гьедин букӀаниги, гьеб нагагьаб балагьалъулъ гӀадамал рехун тезе кинго бегьиларин. Хьул буго т1оцебе Аллагьас ва хадуб дуца балагь нахъчӀваялъе кумек гьабилин.**

**Узухъда, дуда лъала щиб гьабизе кколебали ва кинаб кумек хӀажат бугебали. Нижер идараялъул гӀадамал щола «кумек», - ан гьаракь бахъунелъуре ва гьелъ нижеда лъикӀ лъала гӀадамазул проблемаби. ГӀадамал руго хӀалтӀи гьечӀого нижеца рецӀулел руго кванил нигӀматахъ ва дарабахъ гӀадамаз кьезе кколел налъаби. Бищунго кӀвар бугеблъун ккола гӀадамазул сахлъи ва гӀумру.**

**ТӀаде бачӀараб нагагьаб балагьалъ ниж тӀамуна дуда кумек гаьризе»,** - ян.

Гьединго, муфтияс президентасе бицана росабалъ гӀадамазе кумек гьабизе амбулаториязул ФАПазул ва цогидал медицинаялъул гӀуцӀабазул рес, тохтурзаби гӀолел гьечӀеллъиялъул, киса – кирего больницаби цӀун рукӀиналъул.

**«Статистикаялда рекъон, республикаялда 700-ялдаса цӀикӀкӀараб къадар гӀадамазул хун буго, гьезда гьоркьор руго 50 медицинаялъул хӀалтӀухъанги. Лъиданиги лъаларо рукъорго хваразул къадар. ГӀадаталда рекъон, рукъулел гьезул хӀисабги гьабулеб батиларо»,** - ян абуна гьес. Гара – чӀвариялъул ахиралда АхӀмад – хӀажица президентасе ракӀ – ракӀалъулаб баркала загьир гьабуна.

В.В. Путиница Дагъистаналъул бетӀер В. Васильевас, Халкъияб Собраниялъул спикер Х. Шихсаидовас, Роспотребнадзоралъул бетӀер А. Поповалъ, гьебго гӀуцӀиялъул республикаялда бугеб отделалъе нухмалъулев Н. Павловас ва муфтий А.-хӀ. ГӀабдулаевас бицаралъухъги гӀенеккун, рагӀи кьуна хӀажатабщиналъе кумек гьабизе.

**А. ДИБИРОВА**




## Уважаемые жители района!

Поздравляем всех с праздником Ураза Байрам! Пусть благополучие спустится с небес на ваши дома. Пусть на ваших столах всегда будет изобилие, а в душе - радость. Счастья, мира и тепла сердца вам. Пусть ваши дети и близкие будут здоровы и счастливы, а ваш жизненный путь – удачным!

**Глава МР «Казбековский район» Г.Г. МУСАЕВ**
**Председатель Собрания депутатов Г.М. ГИРИСХАНОВ**

## Уважаемые земляки!

Поздравляю вас с праздником Ураза Байрам. Пусть Аллах услышит все ваши молитвы, пусть в ваших домах всегда царят счастье и благо, радость и уют, милосердие и доброта. Здоровья, любви и достатка всем вам.

**Депутат НС РД М.-п. (К.-п.) Д. УМАХАНОВ**

В светлый праздник Ураза Байрам я желаю вам от души прекрасной, доброй, благополучной жизни в окружении верных друзей и любящих людей. Пусть Всевышний подарит всем вам мир и радость, счастье и благополучие.

Пусть каждый день встречает вас светом вдохновения, веры, любви и гармонии. С праздником вас!

**Секретарь политсовета ВПП «Единая Россия» Д.Г. МАХАЧЕВ**

## Диналъул вацӀал ва яцӀал!

Баркула нужеда бусурбабазул бищунго хирияб ва къиматал байрамаздасан цояб – к1албиччаялъул Г1идалъул Къо!

Т1адег1анав Аллагьас къабул гьареги нилъеца ккурал к1алал, рарал какал, рахъарал закаг1ат – сах1ал, кьураб садакъа ва гьабураб г1ибадат.

**Районалъул имамзабазул Советалъул председатель**
**ГIамиргIали – хIажи Абубакаров**

*27 мая отмечается день библиотек (день библиотекаря) - профессиональный праздник российских биб лиотекарей. Он был установлен Указом Президента Б.Н. Ельцина (27.05.1995 г.). Праздник приурочен к основанию первой государственной общедоступной библиотеки России – Императорской публичной библиотеки (1795 год, Санкт – Петербург).*




## Уважаемые работники библиотек!

Поздравляем вас с вашим профессиональным праздником! Пусть ваш вклад в развитие культуры, науки и просвещения благородно оценивается обществом. Спасибо вам за бережное хранение и отношение к кладези знаний, неисчерпаемому источнику просвещения, царству мудрости.

Желаем всем вам здоровья, счастья, радости и успехов!

**Глава МР «Казбековский район» Г.Г. МУСАЕВ**
**Председатель Собрания депутатов Г.М. ГИРИСХАНОВ**

**ГIагараб газеталъул божарал гьудулзаби,**

# Оперативияб штабалъул данделъиялда…

14 маялда райадминистрациялда т1обит1ана районалда коронавирус т1ибит1унгут1иялъе г1уц1араб оперативияб штабалъул данделъи.

Коронавирус т1ибит1унгут1иялда т1ад х1алт1улел г1уц1абазе нухмалъулезухъги г1енеккун, штабалъ къот1и гьабуна:



-унтиялдаса ц1униялъе т1орит1улел рук1арал тадбирал хисич1ого тезе;

-районалъул г1адамазда т1адаблъун гьабизе маскаби гъурмазда хезе, (учреждениябазда, г1адамал рак1арулел киналниги бак1азда, транспорталда);

-графикалда рекъон, жамг1иял бак1азда, г1емерал квартирабазул подъездазда дезинфекция гьабизе;

-медицинаялъул х1алт1ухъаби х1ажаталъуре щвезаризе ва нахъе рачине транспорт ч1езабизе;

-къват1ире рахъинч1ого, унтаразе кумек гьабулел медицинаялъул х1алт1ухъабазе квен бук1инабизе;

-машинабаздасан росдал маг1ишаталъул продукция бичиялъе ресал рук1инаризе.

-росдал маг1ишаталда т1орит1улел х1алт1абазе, гьелъие документал кодор ругони, (районалдагун гьеб тун къват1ибехун) квер бакъизе;

-районалде ва район тун къват1ибе хьвадулеб транспорталда хадуб, улкаялъул президентасул Указалда (№239, 02.04.2020 с.) ва республикаялъул бет1ерасул бихьизабиялда (№27-ПР, 08.04. 2020 с.) рекъон, хал кквезе;

-медицинаялъул учреждениябазда т1убараб карантин х1алт1изабизе;

-муниципалиял х1алт1ухъаби цоцаз хисиялъе тадбирал гьаризе;

-росабазул бут1рузда, рухъ1иял церехъабазда т1адкъазе жамаг1атазда гьоркьоб гьабулеб бич1ч1енкьеялъул х1алт1и жеги ц1ик1к1инабизе;

-х1алт1ул группаялда т1ад къазе больницаялъе х1ажатаб къайи-ц1а, маскаби ва г. ь. ц. х1адуризе рес бугел г1уц1абазул инвентаризация гьабизе, ай, гьел лъазаризе;

-волонтёраз гьабулеб х1алт1и (маскаби, марлялъул повязкаби ва г ь.ц. рикьи) ц1ик1к1инабизе;

-цогояб информцентралда, «**Чапар**» газеталъул редакциялда коронавирус къинабиялъе г1адамаз т1орит1изе кколел тадбиразул, районалда бугеб ах1вал-х1алалъул х1акъалъулъ (киналго рахъал жанире рачарал) баянал кьейи т1адаблъун гьабизе.

# Дида битIараблъун бихьула

Конституция пачалихъалъул аслияб законлъун кколеблъи лъаларев чи нилъеда гьоркьов ватиларо. Гьелда рекъон хъвала цогидал законалги. Ахириял соназ, кин нилъ гаргаданиги, лъик1аб рахъалде г1адамазул г1умру хисизарурал лъугьа-бахъинал нилъер пачалихъалда г1езег1анго ккана. Гьай-гьай, г1емер руго нилъер церет1еял рек1ее г1оларел улкаби ва хасал г1адамал. Гьез щиб гьабуниги, х1аракат бахъулеб буго нилъер улкаялда хьвадизабулеб политика ва гьелъул нухмалъиялъул къимат г1одобег1ан гьабизе. Г1езег1анго заман ана РФялъул Президент В.В.Путиница пачалихъалъул аслияб законалда хиса-басиял гьаризе кколин бихьизабуралдаса. Гьезда т1асан жиндирго пикру халкъалъ загьир гьабизе заманги бихьизабун букIана. Амма ц1и баккараб унтиялъ (коронавирус) гьарулел ишазулъ лъик1аланго хиса-басиял гьариялде ц1ана т1олабго дунялалъул пачалихъал.

Гьеб рахъалъ нилъер улкаялда ккарал хиса-басиязе нилъго нуг1зал- лъунги ккола. Конституциялда гьаризе ругел (г1адамазул разилъи бугони) хиса-басиял, гьел рехсезе дун лъугьинаро, гьезул къадар г1езег1анасеб буго, амма гьел руго г1адамазул рук1а-рахъин лъик1лъизабиялъе гьарулел ц1илъаби.

Нилъеда к1очене бегьуларо В.В.Путин бет1ерлъуде вач1иналда цебе пачалихъалда бук1араб ах1вал-х1ал ва халкъ цолъизабизегун, улка цодагьалъг1аги цебет1езабизе гьес бахъараб х1аракат. Законалде данде кколарел яргъид г1уц1арал данделъаби лъуг1инариялъе гьес гьабураб х1алт1иги нилъеда лъала. В.Путиница гьабулеб х1алт1иялда рази вук1ин бихьизабуна нилъер к1удияс - Ч1ик1аса Саг1ид - Афандицаги (къ.с.). Г1емераб халкъ данделъараб мавлидалда гьес В.В.Путиние дуг1а гьабуна. Рак1алде ккола, президентас Конституциялда гьаризе рихьизарурал хиса-басиязул дагъистанияз рахъ ккелин ва гьез гьел, жидерго гьаркьидалъун, тасдикъ гьарилин.

**Т. ХIАЖИЕВ, захIматалъул ветеран, ИчкIа росу.**

Инсан ва г1умру

# Инсан, мугIалим ва насихIатчи



***Адабият лъалев, тарих***
***бокьулев,***
***МагIарул гIадатгун***
***гIаданлъи ккурав,***
***ГIажаибав инсан,***
***Сайрудин-хIажи,***
***РакI-ракIалъ баркула***
***дуда юбилей.***

**(МахIмуд-Апанди, Харахьи росу)**

**«Муг1алим!** Цоги батиларо гьесул махщалидаса жавабияб, к1вар ц1ик1к1араб, Ват1аналъул бук1инесеб куцалеб къебелъилъун кколеб х1алт1и. Муг1алимас т1олазего рагьула киналниги г1умрудул балъголъабазде нуц1би ва гьел зах1маталъул нухда т1орит1ула . Гьес кьола лъайгун тарбия, гьесул малъа-хъваял х1ажалъула школа тун г1емерал сонал араб заманалдаги. Бокьун муг1алимлъи т1аде босарав вук1уна эбел-эмен хисулевлъун, лъик1ав гьудуллъун, гьев г1умруялъ к1очонаро. Унго-унгояв муг1алимасе бокьула жиндирго махщел, ц1алдохъаби гьесие рук1уна лъималлъун ва цадахъ х1алт1улел-вацал- яцаллъун. Эбел-эменгуниги гьесул щулияб бухьен бук1уна. Гьев щибниги барахщунаро жиндирго заманалда, гьес бич1ч1енкьеялъе х1алт1изарула бат1и-бат1иял къаг1идаби, алатал, рачуна мисалал. Къокъгьабун абуни, ц1алдохъабазе гьев вук1уна мисаллъун. Нижер классалъе ц1акъ бит1ун ккана. Школалдаса инег1ан нижер классалъе нухмалъи гьабуна Сайрудин Къудуевич Пейзулаевас. Гьев нижее вук1ана махщел ц1ик1к1арав муг1алимлъунги гьудуллъунги. Школа лъуг1ун сонал аниги, нижеца гьевгун рикьула рохел ва ургъел. С. Къудуевичас, т1оцебесеб иргаялда, жиндасаго т1алаб гьабулаан жавабчилъи, рак1бац1ц1алъи ва г1адатлъи.

Предмет малъиялда цадахъго, гьес ниж ругьун гьаруна ях1-намус, г1аданлъи, сахаватлъи ц1унун хьвадизе. «**Рит1ухълъи ц1унун хьвадулел кидаго мурадалде щола**», -ян г1емер абулаан Сайрудиница. Иш т1аде босаралдаса, гьес гьеб мух1кан гьаби т1алаб гьабулаан. Гьесда бажарулаан щивав ц1алдо- хъанасул рек1елъе нух батизеги. Г1агараб ракьалде, г1адамазде, Ват1аналде жиндирго бугеб рокьи, гьес нижер рак1азулъги лъуна. Сайрудиница х1аракат бахъулаан, жеги ц1алдохъабилъун рук1аго, г1умруялъулъ дандч1валел зах1малъаби нижее рагьизе ва гьелгун къеркьеялъул къаг1идаби нижеда малъизе. Киданиги к1оченаро гьес бат1и-бат1иял шагьарал рихьизе нижер класс бачараб заман.

Узухъда, тира - сверизе ине киназулго рес бук1инч1о, гьеб нижер муг1алимасда ц1акъ лъик1 лъалаан. Эбел-эменгун, нижгун дандги бан, С. Къудуевичас совхозалъулгун къот1и-къай гьабуна «**Архъабаш**» участокалда боц1уе к1алц1уе кьолеб ч1ак1улт1ан г1езабизе. Гьелъухъ щвараб г1арцуде нижер классалъ экскурсияги т1обит1ана. Сайрудинил нуц1би нижее кидаго рагьун рук1ана. Гьанже ниж нижго к1удадаллъунги к1одоэбелаллъунги рахъана. Гьедин бугониги, ниж Сайрудингун г1емер дандч1вала, бикьула гьевгун рек1елъ бугеб. Гьаб соналъ С.Къ.Пейзулаевасул г1умрудул 75 ва х1алт1изе лъугьаралдаса 50 сон т1убана. Гьев инсанасе, муг1алимасе ва насих1атчиясе нижеца гьарула щулияб сахлъи, рохел, талих1, ургъелал т1аса ин ва гьабулебщиналъулъ бит1ккей.

Сайрудин Къудуевич Пейзулаев гьавуна 1945 соналъ Ленинаул росулъ . 1962 соналъ росдал гьоркьохъеб школаги лъуг1изабун, гьев ана Советияб Армиялде. Гьениса т1адвуссун хадув (1967 сон), Сайрудин лъугьана ДГУялъул филологикияб факультеталде. 1970 соналъ гьебги лъуг1изабун, Сайрудиница зах1маталъул нухде гали т1амуна Дилим росдал гьоркьохъеб школалда х1алт1изе лъугьиналдалъун. Рак1 жубарав, лъай бугев, раг1и данде ккезабун бажарулев, махсаро-хоч1 г1емерав, гьеб бич1ч1унев, т1аса бищараб махщел ва лъимал рокьулев Сайрудин лъик1 къабул гьавуна муг1алимзабазулгун ц1алдохъабазул коллективаз ва умумуз. К1вах1тун, жиндирго лъай ц1ик1к1инабиялъ, лъайгун тарбия кьеялъе бат1и-бат1иял къаг1идаби, церет1еял, баянлъи кьолел алатал х1алт1изариялъ (къокъаб заманалда жаниб) Сайрудинил къимат борхизабуна. Гьесул, лъик1ав муг1алим х1исабалда, республикаялдаго ц1ар т1ибит1ана. Гьев лъик1ав муг1алимлъун, «Инсан» абураб ц1аралъе мустах1икъавлъун вук1ин бихьизабула гьесул ц1ар, халатго, цадахъ х1алт1улел рук1аразул, ц1алдохъабазул ва умумузул рак1азулъ ц1унун бук1инальги.

Лъайкьеялъе гьес г1уц1араб кабинет рк1к1унаан бищун лъик1аблъун. Сайрудиница бажарун х1алт1и гьабулеб бук1араблъиялъул нуг1заллъун ккола гьесие щварал шапакъатал.

Россиялъул лъайкьеялъул министрасул приказалда рекъон, гьесие къуна «**Кудияв муг1алим**» абураб ц1ар (1979сон). 1982 соналъ-«**ДАССРалъул мустах1икъав муг1алим**» ц1арги. Лъимал ц1ализариялъулъ рихьизарурал церет1еязухъ 1984 соналъ Сайрудин к1одо гьавуна «**Муг1алим-методист**» абураб ц1аралдалъун ва гьебго соналъ гьесие къуна «Республикаялъе гьабураб хъулухъалъухъ» медаль. Гьединго, гьесие щвана лъайкьеялъул министерствоялъул, РУОялъул, школалъул дирекциялъул грамотабиги. 30 сонaлдаса ц1ик1к1араб заманалъ гьес классазе нухмалъи гьабуна, 20 сонaлдаса т1аде арал соназ гьев вук1ана районалъул г1урус мац1алъулгун литератураялъул муг1алимзабазул г1уц1иялъе нухмалъулевлъун.

Гьединго, Сайрудиница т1орит1улаан «рагьарал» дарсал, гьев г1ахьаллъулаан районалда, рес публикаялда лъайгун тарбия кьеялда хурхарал данделъабазда. Камич1о С. Къудуевич жамг1иял ишалъаги. 2010 соналъ гьес х1ежги борхана. Сайрудиница г1езабуна ва г1умрудул нухда т1обит1ана 5 лъимер. Гьезул буго т1адег1анаб лъай ва гьел руго жиде-жидер маг1ишатазда.

**1983 соналъул 10 «б» класс, Дилим росу**

# Мисалалъе мустахIикъай

**... культураялъул библиотека цогидабщиналдаса х1ажатаб буго... библиотека ч1аго бугеб г1анасеб заманалда - халкъги ч1аго бук1уна, гьеб хвани,-хвезе буго арабги бач1унебги.**

(Д. Лихачев)

Цересел г1асрабаз цого библиотека бук1ана лъаялъулгун цогидаб информациялъул «**иццлъун**». Доб заманалда т1ахьазул ц1ик1к1араб къиматги гьабулаан. Ахириял соназ библиотекаялдехун г1адамазул бугеб бербалагьи хисана. Гьелъие г1иллалъун рик1к1уна интернет, телевидение, радио ва гь.ц.

Кин бугониги, социалиял сетаз, телевидениеигун радиоялъ кинго кьоларо типографическияб краскаялъул мах1 бугеб т1ехьалъ кьолеб асар.

Районалъул росабазда гьоркьоб бищунго гьит1инаблъун кколеб Гъозтала росу машгьураб буго к1удияб г1аданлъиялъул г1адамаздалъун.



Хасго руччаби руго гьенир жидерго хъизаналъул г1умруялде к1вар кьолел, гьасда бакараб ц1а ц1унулел, вач1арав гьоболгьудуласе гьумер бит1арал. Гьединазул мисалал г1емерал рехсезе бегьула. Ч1ужуг1аданалъе къимат кьола гьелъул г1адамаздехун бугеб х1еренаб каламалъухъ, камилаб раг1иялъухъ ва рук1а-рахъи налъухъ балагьун. Гьединаб х1урматалъе мустах1икълъизе ккани, бергьун к1удияб гьунар х1ажалъуларо, гьеб бук1уна ч1ужуг1аданалъ, рак1бац1ц1адго, гьабулеб х1алт1иялъулъ.

**Загьидат Мух1амадовна Г1амирова** гьаюна 1980 соналъ Гъозтала росулъа Мух1амад Эмеевасул ва Забуралъул к1удияб хъизаналда. Школалда ц1али лъуг1арабго, гьей лъугьана Мах1ачхъалаялъул педагогикияб университеталде. Лъик1ал къиматазда гьебги лъуг1изабун, гьей г1агараб росулъе т1адюссана. Х1алт1изе байбихьана байбихьул классазул муг1алимлъун. Гьал ч1еч1ого хисардулел дунялги г1умруги лъималазда рич1ч1инари бигьаяб ишлъун бук1унаро.

Школалда яги библиотекаялда ц1алдохъабигун гьабулеб бич1 ч1енкьеялъул х1алт1и ккола бищун к1вар бугезул цояблъун. Щайгурелъул, гьел ругьун гьаризе ккола ч1ах1иялдасан лъик1ал мисалал росизе, ва г1агараб ракь, Ват1ан, гьезул тарих бокьулеллъун рахъинаризе.

Г1емерал соназ гьабураб х1алт1ул х1албихьи гьеч1ониги, Загьидатица х1аракат бахъана жиндирго лъай лъималазе кьезе, гьезул умумузулгун гьоркьобльи щула гьабизе. Заманалдаса Загьидатил г1умрудул нух хисана. Гьелда т1адкъана росдал библиотекаялъе нухмалъи гьабизе. Библиотека ккола г1адамазда г1умру нухда т1обит1изе малъулеб бак1лъун. Гьенир ц1алулел т1ахьаз рагьула ц1ияб дунялалде нух, ц1алдолезда г1емераб бич1ч1уна ва лъала.

Загьидатица х1аракат бахъула ц1алдолезул гьира базабулел бат1и-бат1ияб дандеялъаби т1орит1изе, г1олеб-г1елалъул т1ахьаздехун рокьи бижинабизе. Кьокьаб х1асил, т1адкъараб ишалдехун Загьидатил рак1унтараб бербалагьи буго. Гьелъ г1ахьаллъи гьабула росдал жамг1иял х1алт1абазулъги. К1вах1 гьеч1ей г1адан х1исабалда, гьей руччабазул Советалъул членлъунги йищана.

Эбел-инсуца кьураб лъик1аб тарбия кьоч1оеги босун, Загьидатица ва гьелъул г1умрудул гьудул Таймазица г1езарулел руго к1иго васги лъабго ясги.

**Х1. КАРИМОВА**

# Цоги нухалда т1адруссун...

«**Чапар**» газеталда (**№17, 01.05.2020 с.**) «**Гурх1ел-рах1муялъул акциябазул цояб**» ц1аралда гьоркь бахъараб макъалаялда хъван бук1ана «**Казбек районалъул г1олилал**» ДРООялъ ва «**Инсан**» фондалъ Рамазан моц1алъ нухда ругезе ва рукъоб (к1албиххиялъе) квен х1адуризе рес гьеч1езе гьеб х1адурулеб бук1араблъиялъул х1акъалъулъ. Гьединго, гьениб рехсон бук1ана, коронавирус баккиялъул х1асилалда, квен х1адуриялъулъ гьаризе ккарал хиса-басиязул х1акъалъулъ. Бич1ч1ине ккола, жалго лъик1ал лъугьун ва ч1обого, 600-700 чиясе квен х1адури бигьаяб иш гуреблъи.



Амма сундухъго балагьич1ого, к1вах1тун, ва т1убараб Рамазан моц1алъ квен х1адуриялда т1ад х1алт1арал г1адамал мустах1икъал руго ц1ар-ц1арккун гьанир рехсеялъе.

Квен х1адурулеб бук1ана Керим Х1асанович Керимовасул рукъоб. Щибаб кьойил лъабго к1удияб хьагиниб плов х1адуриялда т1ад х1алт1улел рук1ана – Муртазг1али Юсупович Мух1амадов, Муса Мух1амадг1алиевич Мух1амадг1алиев, Х1асан Керимович Керимов, Гьазимух1амад Раупович Х1асанов ва Керимил хьизан-лъимал.

Квеналда цадахъго, рес гьеч1ел г1адамазе (бесдалазе, сакъатазе, къват1ире рахъине к1оларезе) щвезарулел рук1ана – чакар, чед, дугу, чамасдак1 ва гь.ц. Гьеб кинабго рукъо-рукъобе щвезабиялъе квербакъаралщинал гьанир рехсезе рес гьеч1о. Гьезда гьоркьор руго Дилим росдал г1олилал. Бокьун буго гьеб х1алт1и нухда т1обит1иялда т1ад х1алт1арав Г1абдула Г1исакъовасе, богогьабазе, ц1ар ккун хъвач1ониги, г1олилазе ва Керимиегун гьесул хъизаналъе рак1-рак1алъулаб баркала загьир гьабизе.

Аллагьас къабул гьареги киналниги гьез гьарулел лъик1ал ишал.

**Дж. Г1АБДУЛАХ1ИТОВА**

# «Инсан» абураб ц1ар борхатгоги ккун...



Гьаб зах1матаб заманалда г1адамаз гьабулеб лъик1лъиялъул х1акъалъулъ хъвани, т1убараб т1ехь г1ола. Нижеца х1аракат бахъула киналго лъик1ал ишазул х1акъалъулъ хъвазе. Г1ат1идгьабун, хъвазе рес бук1унгут1иялда нижго разиги гьеч1о. Гьарула т1аса лъугьаян.

Ц1акъ г1емерал х1ужаби руго рес бугел г1адамаз, т1убарал г1уц1абаз, гурх1ел-рах1муялъул фондаз, мухъилал г1адамаз рес гьеч1езе, къват1ире рахъине к1оларезе кумек гьабиялъул. Гьелъул х1акъалъулъ нижеца хъвана, хъвалеб ва хъвазе буго.

Буртунай росулъа Мух1амад Багьавдиновас телефоналдасан бицана:

**«Гьаб зах1матаб заманалда гурх1ел-рах1муялъул кумек гьаби кьойидаса-кьойиде ц1ик1к1унеб буго. Гьеб рахьалъ нижее к1удияб кумек гьабуна росдал бет1ер А. Салмановас, вацалполитикал: С.-п. Д. ва М.-п. (К.-п.) Д. Г1умахановаз, Хасавюрт шагьаралъул администрациялъул бет1ерасул заместитель К.Коргъолиевас. Ах1мадица 100 азарго гъурщиде дараби росана, вацал Г1умахановаз, Коргъолица унтиялдаса ц1уни-къаялъул алатал ва цогидаб г1адамазе х1ажатаб къайи-ц1а бач1ана»**,-ян.

Калининаулалдаса З. Арсанбиевалъ хъвалеб буго:

**«Нижер росулъги - рес бугез, мухъилал г1адамаз, гьелде х1ажалъи ккаразе, ц1акъ кумек гьабулеб буго. Гьединго, хасаб баркалаялъе мустах1икъал руго Калининаулалъул тохтурзабазул амбулаториялъул х1алт1ухъаби. Ц1ар-ц1арккун рехсеч1ониги, гьел т1олазго, к1вах1тун, гьабулеб буго жидедаго т1адаб х1алт1и. Гьелдаго цадахъ, гьез гьабула жидеде кколареб, амма х1ажалъи ккараб х1алт1иги. Г1адамал рич1ч1унел рук1иналъухъ, заманалда рекъон, х1алт1и гьабиялъухъ щолеб кири Аллагьас гьезие азарго даражаялъ ц1ик1к1инабеги»**,-ян.

Цоги росабалъа г1адамаз, хасго г1олилаз, гьарулел ишаздаса нахъе ккарал гьеч1о Гуни росулъа г1олилаз (х1ажалъи ккаразе кумекалъе) гьарулел ишалги. Гьедин, гьеб росдал г1олилаз 40 азарго гъурщиде дараби росана. Гьединго, гьениса г1олилаз волонтерлъиги гьабулеб буго.

Т1адехун хъвараб киналъго бихьизабула нилъеда гьоркьор «**Инсан**» абураб ц1аралъе рит1ухъал ва гьеб г1умруялъго борхатго кквезе х1адурал г1емерал г1адамал рук1ин.

Аллагьас къабул гьареги т1олазулго лъик1ал ишал.

**М.-Ш. Г1АБДУЛАШИМОВ**

# Уважаемые жители района!

С наступлением весенне-летнего пожароопасного периода МЧС по РД обращается к гражданам с просьбой соблюдать меры безопасности при обращении с огнем в частном секторе и на садовых участках! Чтобы не допустить возникновения пожара необходимо знать и соблюдать элементарные правила пожарной безопасности:

- своевременно очищайте участок и прилегающую к нему территорию от горючих отходов, опавших листьев и травы;
- не сжигайте мусор вблизи строений; - не загромождайте проезды улиц, ведущих к частным домам и садовым участкам, ветками деревьев и мусором, так как это препятствует проезду пожарных автомобилей;
- соблюдайте меры предосторожности при эксплуатации электрических сетей, электробытовых, газовых приборов;
- будьте осторожны при пользовании открытым огнем: свечами, керосиновыми и паяльными лампами, не оставляйте их без присмотра;
- не допускайте шалости детей с огнем. В каждом жилом доме и на садовом участке необходимо иметь средства для тушения огня и противопожарный инвентарь: емкость с водой (бочкой) или огнетушитель, кошму, ведро, лопату и приставную лестницу. Если Вам самостоятельно не удалось предотвратить пожар:

Немедленно позвоните в пожарную охрану! Сообщите диспетчеру четкую информацию о месте пожара, его причине и вероятной угрозе для людей. Назовите свое имя, номер телефона для получения дальнейших уточнений. До прибытия подразделений пожарной охраны необходимо быстро реагировать на пожар, используя все доступные способы для тушения огня (песок, вода, покрывала, одежда, огнетушители и т. д.) Закройте двери и окна, так как потоки воздуха способствуют распространению огня. Отключите газ, электричество. Если потушить пламя невозможно, в первую очередь - постарайтесь спасти людей. Затем уберите баллоны с газом, автомобили и все легковоспламеняющиеся материалы. Открывая горящие помещения, надо быть максимально внимательным, так как новое поступление кислорода может усилить пламя. Если есть дым, двигайтесь, пригнувшись, закрывая лицо, при необходимости закройте голову влажным полотенцем, обильно смочив водой одежду. Если на человеке загорелась одежда, не позволяйте ему бежать. Повалите его на землю, закутайте в покрывало и обильно полейте. Ни в коем случае не раздевайте обожженного, если одежда уже прогорела, накройте пострадавшие части тела чистой тканью и вызовите скорую помощь.

Граждане! Соблюдайте элементарные правила пожарной безопасности в вессене- летний пожароопасный период!

В соответствии с законодательством РФ за нарушение требований пожарной безопасности, граждане привлекаются к административной и уголовной ответственности. Нарушение требований пожарной безопасности влечет предупреждение или наложение административного штрафа (ст.20.4 КоАП РФ) - на граждан в размере от 2 тыс. до 3 тыс. рублей - на должностных лиц - от 6 тыс. до 15 тыс. рублей - на юридических лиц - от 150 тыс. до 200 тыс. рублей Неосторожное обращение с огнем может привести к необратимым последствиям!

**ПРИ ПОЖАРЕ ЗВОНИТЕ ПО ТЕЛЕФОНУ СОТОВОЙ СВЯЗИ «112»-«101».**

**ЧЕГУЕВ Т.К., заместитель начальника ПЧ-42**

# Прокурор разъясняет...

Постановлением пленума Верховного суда РФ от 25.12.2018 №46 **«О некоторых вопросах судебной практики по делам о преступлениях против конституционных прав и свобод человека и гражданина (статьи 137, 138, 138.1,139, 144.1, 145, 145.1 Уголовного кодекса Российской Федерации)»** даны разъяснения, в том числе касающиеся ответственности за преступление, предусмотренное ст.145.1 УК РФ.

Так, пунктом 17 постановления Пленума установлено, что невыплата заработной платы, пенсий, стипендий, пособий и иных установленных законом выплат частично (в случае когда свыше трех месяцев подряд платежи осуществлялись в размере менее половины подлежащей выплате суммы) или их невыплата полностью (когда свыше двух месяцев подряд выплаты не осуществлялись или размер осуществленной выплаты заработной платы был ниже установленного одновременно на всей территории Российской Федерации федеральным законом минимального размера оплаты труда) квалифицируется соответственно по части 1 или части 2 статьи 145.1 УК РФ лишь при совершении указанных деяний умышленно, из корыстной или иной личной заинтересованности.

В связи с этим к числу обстоятельств, подлежащих доказыванию и дающих основания для уголовной ответственности по статье 145.1 УК РФ руководителя организации или иного указанного в этой статье лица, должны относиться наличие у него реальной финансовой возможности для выплаты заработной платы, иных выплат или отсутствие такой возможности вследствие его неправомерных действий.

Так же установлено, что уголовная ответственность в соответствии со статьей 145.1 УК РФ наступает, в том числе, в случаях невыплаты заработной платы и иных выплат работникам, с которыми трудовой договор не заключался либо не был надлежащим образом оформлен, но они приступили к работе с ведома или по поручению работодателя либо его уполномоченного представителя (статья 16 Трудового кодекса Российской Федерации).

Для целей статьи 145.1 УК РФ период формирования задолженности по выплатам работнику необходимо исчислять исходя из сроков выплаты заработной платы, установленных правилами внутреннего трудового распорядка организации, коллективным договором, трудовым договором, а также из времени, в течение которого заработная плата фактически не выплачивалась полностью или частично. При этом двухмесячный или трехмесячный срок задержки выплат исчисляется со дня, следующего за установленной датой выплаты.

Периоды невыплат за отдельные месяцы года не могут суммироваться в срок свыше двух или трех месяцев, если они прерывались периодами, за которые выплаты осуществлялись.

Сроки давности уголовного преследования за совершение преступления, предусмотренного статьей 145.1 УК РФ, исчисляются с момента его фактического окончания, в частности со дня погашения задолженности, увольнения виновного лица или временного отстранения его от должности.

Увольнение работника, которому не была выплачена заработная плата, не влияет на исчисление сроков давности уголовного преследования работодателя.

# ГIабдулгIазиз МухIамадович Такуев



ГI. М. Такуев гьавуна I959 соналъ Хубар росулъ. I976 соналъ школа лъугIарав гьев ахIана Советияб Армиялъул мухъилъе. РакIбацIцIад рагъулаб хъулухъги тIубазабун, тIадвуссарав гьес лъугIизабуна Иваново шагьаралъул энергетикаялъул институт. Гьеб лъугIун хадув гьев хIалтIана **«Дагэнерго»** гуцIиялда. Мухъи лав инженерасдаса бетIерав инженерасде швезегIан захIматалъул нух ГIабдулгIазизица гьениб нахъги тана. Щиб хIалтIи тIадкъаниги, гьес гьеб тIубазабулаан ракIбац1цIадго, бажаризабун. Гьев тIад рекъоляроан мекъал – тIекъал ишазда. ГIабдулгIазиз киданиги камулароан росдал жамагIаталъул ишазулъа. Гьебги хIисабалде босун, цо чанго соналъ жамагIаталъ гьев росдал Советалъул депутатлъунги вищана. Гьединго, ГI. Такуев росдал администрациялъул бетIерасул заместительлъун хIалтIана. КIиго нухалъ гьев вищана районалъул депутатазул Собраниялъул депутатлъунги.

Гьаб соналъул январалдаса байбихьун, ГIабдулгIазиз росдал депутатазул Собраниялъул председательлъун хIалтIулев вукIана.

ГI. М. Такуев вукIана лъикIав гIуцIарухъанлъун, гIадамал, гьудул – гьалмагъзаби хириявлъун, гIисиназулгун, чIахIиязулгун рагIи рекъезабун бажарулевлъун ва гIагараб ракьалде рокьи цIикIкIаравлъун.

ЛъикIав инсан, ритIухъав гьалмагъ ГI. М. Такуев даималъ хутIила нижер ракIазулъ.

**ХI. ХI. Мусаев, Гъ. М. Гъирисханов, И. И. Шабазов, И.Б. Салимханов, З. Н. Эмеев, Н.Н. Меджидов, М. Х. Мазаков.**

# Коронавирусалъул хIакъалъулъ ахириял баянал

**(22. 05.2020 г.)**

**Дунялалда…**

Коронавирусалъ унтаразул къадар 5 млн.001 азар. 494 чи, хваразул – 328 азар. 227 чи, гьебго заманалда сахлъун вуго 1 млн. 901 азар. 079 чи.

**Россиялда…**

Унтаразул къадар - 317азар. 554 чи, хваразул - 3099 чи ва 92 681 чи сахлъун вуго.

**Дагъистаналда…**

Унтаразул къадар - 3746 чи, хваразул - 41 ва сахлъун вуго 2489 чи.

**Районалда...**

Унтаразул къадар - 52, хваразул - 2, сахлъаразул - 40 ва жалго жидедаго ч1езарурал - 8.

Гуни росдал гимназиялъул коллективалъ, лъайкьеялъул управлениялъул хIалтIухъабаз, гъваридаб пашманлъиялда, зигара балеб буго хъизан – лъималазда, тIолалго гIага – божаразда

**ГIабдулкерим Рашидбегович АхIмадов**

гIумруялдаса ватIалъиялда бан. Аллагьас гьев иманалда тIовитIун ватаги.



## ХIурматиял газета цIалулел!

Унеб буго 2020 соналъул к1иабилеб бащдаб лъаг1алие газета хъваялъул кампания. Гьари буго нужер щивасде, рес рекъани, г1агараб **«Чапар»** газета хъвазе х1аракат бахъеян.

Гьелъул багьа – 293 гъур

**ХIурматгун**
**«Чапар» газеталъул коллектив**

*Бетlерай редактор: Джамиля ХIабирахIмановна ГIабдулахIитова 55-48-94*
*Жавабияв секретарь: МухIамад-Шарип ГIабдулашимов тел: 55-48-95*

*Мухбирзаби: ХIалимат Каримова, Ибрагьим Идрисов, Асият Дибирова*

*Набор: Меседо ХIайбаева*
*Верстка: Марьям АтавхIажиева, Зайнаб ГIабдулмуслимова.*
*Типографиялъул адрес: 367032, РД МахIачхъала шагьар Насрудиновасул къватI №61*

*Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда. Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00. ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00.*

*Учредитель: Администрация МР "Казбековский район" Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140, Индекс: 51354 Заказ №368 Тираж 1182 Багьа - 8 гъур.*

*Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290*

*Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола*